



Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten MWRA

Fèy Enfòmasyon sou Konsekans Posib sou Sikilasyon


Avèk Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten, Administrasyon Resous Dlo Massachusetts (Massachusetts Water Resources Authority, (MWRA) pral konstwi de nouvo tinèl dlo ki pral fasilite yo repare vye sistèm tinèl dlo ki la deja san yo pa sispann sèvis la. Egzekisyon Pwogram nan pral egzije konstwiksyon pou fon, tinèl nan wòch, ak chanm vàn toupre sifas la, epi enstalasyon pou koneksyon kanalizasyon.

Pifò nan konstwiksyon an pral fèt anba sifas la, lè machin foraj tinèl la (tunnel boring machine, TBM) ap fouye nan wòch la jiska 400 pye anba tè a. Men, anpil pui pral konekte tinèl la avèk sifas. Toupre chantye pui sa yo, ou ka remake yon ogmantasyon nan sikilasyon kamyon. Nou te idantifye ak evalye wout kamyon yo nan pwosesis Revizyon Konsekans sou Anviwònman an (Environmental Impact Review, EIR), ki te gen ladan yon Analiz konsekans posib yo sou Sikilasyon an ak estrateji pou evite, diminye nèt ak/oswa limite nenpòt konsekans. *Fèy Enfòmasyon* sa a dekri posib konsekans yo sou sikilasyon an pandan konstwiksyon Pwogram nan.

Ki kote konstwiksyon pral fèt?

Menmsi nouvo tinèl distribisyon dlo a pral sitou konstwi sou yon pwofondè anpil pye anba tè, konstwiksyon nan nivo sifas la pral fèt sitou toutotou 7 chantye pui-lansman/pui-resepsyon ak sis chantye pui-koneksyon. Nou te chwazi pozisyon chak chantye pui pou evite ak diminye nèt sikilasyon kamyon konstwiksyon yo anplis konsiderasyon pou konsekans sou anviwònman an konsekans sosyal ak konsekans sou kominote a.

Aliyman tinèl konseptyèl la endike anba la a.



Kisa ki pral pase anvan?

Apeprè yon mwa anvan konstwiksyon an, kontraktè MWRA pral kòmanse mobilize nan chantye pui lansman yo. Pwosis tan kout sa a ap gen ladan netwayaj chantye, plasman kloti, kreyasyon baryè nan pwen antre yo, kòmansman nan remòk chantye, ak lòt aktivite pou prepare chantye yo. Nou pral kòmanse pote pyès ak ekipman nan preparasyon pou konstwiksyon pui ak tinèl la. Nan chantye pui-resepsyon ak pui-koneksyon, nou pral mete ekipman ak materyo yo anplas pou konstwiksyon an.

Ou ka kòmanse wè yon ogmantasyon nan sikilasyon kamyon toutolon wout kamyon yo ant pwen antre (yo) ak chak chantye ak otowout prensipal ki pi pre a.

Kisa ki pral pase pandan konstwiksyon an?

Sikilasyon prensipal ki kreye pandan konstwiksyon an se ta deplasman travayè konstwiksyon yo pou ale ak soti nan chantye pui yo ak kamyon k ap charye materyo ak ekipman pou fè ale-retou nan chantye yo. Li posib pou sikilasyon ogmante sa a pral konsantre toutotou kòmansman ak fen peryòd travay yo nan jounen travay la. Travayè konstwiksyon yo pral ,kapab estasyon sou chantye a nan chantye pui lansman yo ak pui-resepsyon yo. Nan chantye koneksyon ki pi piti yo, gen mwens espas epi kèk travayè ka pa kapab estasyon oto yo sou chantye a. MWRA pral travay avèk kominote akèy la pou devlope kèk mezi soulajman kòm sadwa.

Pandan peryòd fouy tinèl la, kamyon yo pral swiv wout kamyon nou detèmine lè kontraktè a ap fè livrezon ekipman yo ak materyo yo nan chantye a epi pou pote ale materyo fouy nan eksplwatasyon tinèl la. Aktivite sa a pral konsantre sitou toutotou chantye lansman ak chantye resepsyon an. Kamyon yo pral pase andedan nan yon aparèy lavaj wou pou diminye pousyè a nèt nan zòn nan.

Nan kèk chantye pui-koneksyon, konstwiksyon kanalizasyon ki limite nan sifas pral nesèsè pou konekte nouvo tinèl yo avèk MWRA ki la deja oswa enfastrikti dlo kominotè. Sa pral gen rapò avèk zòn limite konstwiksyon wout. MWRA pral travay avèk kominote a ak Depatman Transpò Massachusetts (Mass DOT) pou devlope mezi jesyon sikilasyon an kòm sadwa, tankou fènti liy wout, fènti twotwa, ak detou.

Nou estime konstwiksyon an ap pran apeprè 8 a 12 ane epi nou planifye konstwiksyon an ap fèt nan peryòd 2027 jiska 2040. Nivo sikilasyon an pral chanje pandan konstwiksyon an, avèk kèk pozisyon pui-koneksyon k ap gen peryòd enpe sikilasyon ak lòt pozisyon yo sitou pui-lansman ak pui-resepsyon yo, k ap gen peryòd gwo nivo sikilasyon.

MWRA espere nouvo sistèm fon nan wòch ki pwopozè a pral antre an sèvis anvan oswa apeprè nan ane 2040, epi sistèm nan pral gen yon lavi itil k ap dire plis pase 100 ane, pou bay enfastrikti dlo ki enpòtan anpil pou pwochen jenerasyon yo.

Angajman pou Kontwòl Konsekans yo

MWRA angaje pou travay avèk kominote yo ak moun ki konsène yo pou kontwole nenpòt konsekans ki gen rapò avèk Pwogram nan. Pwogram nan deziyen pou bay avantaj pou kominote a avèk konsekans minimòm posib sou sikilasyon an. Nou pral devlope sèten detay, tankou plan pou kontwòl sikilasyon an pou antreteni aksè pou tout mòd transpò (veyikil, transpò komen, bisiklèt, ak pyeton nan pwosis final konsepsyon an. Modèl sikilasyon nòmal yo pral retounen apre konstwiksyon an fini.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten, tanpri ale sou sitwèb www.mwra.com/mwtp.html oswa kontakte Ekip Kominikasyon nou nan adrès imèl tunnels.info@mwra.com.

